

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Novél *Lain Eta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin kairut pikeun dibandingkeun téh lantaran mimiti kapaluruh ngeunaan ayana sasaruana dina téma caritana. Téma éta téh nya éta kawin paksa, anu pikeun novél-novél terbitan Balai Pustaka jaman harita mah mangrupa téma anu populér. Sanajan lolobana didominasi ku karya sastra-karya sastra ti daérah Minangkabau jeung Jakarta, tapi *Lain Eta* karya Moh. Ambri ti karya sastra Sunda milu aub dina téma éta. *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin gé nu asalna ti kasusastran Acéh milu ilubiung dina éta téma téh. Ku ayana sasaruana éta, saterusna numuwuhkeun kahayang pikeun maluruh kumaha babandinganana. Salian ti éta, ku sabab asalna ti dua wewengkon anu béda, bakal leuwih euyeub saupama dipaluruh ogé ngeunaan kasang tukang kabudayaanana ngagunakeun ajén-ajén étnopédagogik.

Pikeun maluruh jeung ngabandingkeun dua novél éta, babandingan anu dipaké nya éta pamaerkan sastra bandingan nurutkeun Suwardi Endraswara, nu nyebutkeun ayana sastra bandingan antar daérah. Éta pamarekan téh meunang tinimbangan ku sabab di Indonésia mah loba basa daérah jeung suku bangsana, anu penting pikeun dipaluruh supaya leuwih ngaronjatkeun pangaweruh ngeunaan kabeungharan sastra nusantara. Ulikan struktur anu dipakéna nya éta fakta-fakta carita Robert Stanton nu ngawengku karakter, alur, latar ogé ditambahan ku téma.

Sabada nganalisis novél *Lain Eta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin, kapaluruh ngeunaan kumaha struktur masing-masing novél, tuluy kumaha struktur carita tina dua karya sastra éta nalika dibandingkeun, jeung naon baé ajén-ajén étnopédagogikna. Ari anu jadi dadasar dina ieu panalungtikan téh nya éta sastra bandinganna, anu maké ulikan sacara struktural jeung étnopédagogik. Ulikan struktural mantuan pikeun nganalisis babandinganana, anu ka dituna kapaluruh ajén-ajén étnopédagogikna anu

Witri Gustiani, 2018

BABANDINGAN NOVÉL LAIN ÉTA KARYA MOH. AMBRI JEUNG DJEUMPA ATJEH KARYA H.M.

ZAINUDDIN: Ulikan Struktural Jeung Étnopédagogik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngawengku Catur Jatidiri Insan, Gapura Pancawaluya, jeung tri-SILAS. Alesan pangna dua karya sastra ieu dibandingkeun téh nya éta ku sabab ayana motif-motif carita anu diaanggap sarua. Sasaruana éta téh unik jeung *istimewa* ku sabab dua karya sastra ieu asalna ti dua daérah anu béda di Indonésia. Novél *Lain Eta* karya Moh. Ambri ditulis dina basa Sunda tur mawa kasang tukang kahirupan masarakat Sunda nu perenahna di wewengkon Cianjur, Jawa Barat, sedengkeun novél *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin maké basa *Melayu tinggi* jeung kasang tukang caritana di wewengkon Kutaraja, Nanggroe Aceh Darussalam.

Tina hiji bébédaan anu pangheulana kanyahoan éta, ka dituna ulikan struktural mantuan pikeun nganalisis sacara sistematis jeung *terstruktur* tina dua novél éta. Karakter utama nu sarua budak awéwé (Néng Eha jeung Sitti Saniah), jadi salah sahiji aspék anu bisa dibandingkeun. Katambah ku karakter pribadina, kasang tukang kulawargana jeung nepi ka lalaki-lalaki nu dicaritakeun deukeut jeung manéhna. Motif ahir caritana ogé béda, saupama Néng Eha mah jadi randa, ari Sitti Saniah mah malah nepi ka hanteuna. *Conclusion* atawa kasimpulan tina novél *Lain Eta* nya éta Néng Eha nu jadi randa jeung pasrah tumarima kana kadar ti Nu Maha Kawasa. Sedengkeun dina novél *Djeumpa Atjeh* mah, pikeun ngabéréskeun masalah-masalahna, karakter utamana nya éta Sitti Saniah téh maot alatan kagegeringan padah rék dikawinkeun ka lalaki nu teu dipikacintana. Motif anu paling penting nya éta kawin paksa, di mana pihak ti kolot karakter utama aya nu hayang sangkan budakna kawin ka lalaki anu turunan radén atawa bangsawan. Hal ieu nu saterusna ngalantarankeun bijilna rupa-rupa pasualan nu patalina jeung masing-masing karakter utama. Motif utama éta jadi salah sahiji ciri has tina novél-novél Balai Pustaka. Ayana *perlawanan* ti golongan ngora ka golongan kolot anu masih kénéh nyekel adat baheula.

Sabada nganalisis sacara struktural sarta tuluy dibandingkeun, saterusna nganalisis ngeunaan ajén-ajén étnopédagogikna. Ajén-ajén étnopédagogik anu digunakeun nya éta Catur Jatidiri Insan, Gapura Pancawaluya, jeung tri-SILAS. Sanajan disebut pangpandeurina, sabenerna mah tri-SILAS téh mangrupa rangkuman tina Catur Jatidiri Insan jeung Gapura Pancawaluya. Ayana aspék

Witri Gustiani, 2018

BABANDINGAN NOVÉL LAIN ÉTA KARYA MOH. AMBRI JEUNG DJEUMPA ATJEH KARYA H.M.

ZAINUDDIN: *Ulikan Struktural Jeung Étnopédagogik*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

atawa ajén silih asih, silih asah, jeung silih asuh bisa dicindekkeun mangrupa wujud tina pribadi anu sadar jeung unggul dina masing-masing carita. Ajén-ajén étnopédagogik di wewengkon Acéh, raket patalina jeung hukum-hukum dina agama Islam. Acéh kasohor ku sebutan *Serambi Mekkah* ku sabab masarakatna maké hukum-hukum Islam dina adat-istiadatna. Dina novél *Lain Eta*, ajén-ajén kaislaman anu nyangkaruk téh ditémbongkeun ngaliwatan kolot karakter utamana anu Kalipah Kota. Ku ayana unsur-unsur agama dina dua novél nu dibandingkeun ieu, némbongkeun ayana kasadaran yén penting pikeun manusa, dina hirup kumbuh sapopoéan, leuwih merhatikeun kana urusan agama. Kasadaran kana agama éta saterusna bakal mangaruhan kana pola pikir jeung tingkah paripolah sapopoé. Kaasup naon anu ditémbongkeun ku Nya' Amat nalika mimiti tepung jeung Sitti Saniah, kitu ogé Mahmud nalika tepung jeung Néng Eha.

5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi

Sacara umum ieu panalungtikan téh miboga kahéngkéran jeung kaonjoyan. Kahéngkéran éta téh ayana bisa tina rupa-rupa aspék, tapi kaonjoyanana gé dipiharep bisa mawa kana kahadéan. Utamana pikeun nambahan pangaweuhan ngeunaan ulikan sastra bandingan. Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha implikasi jeung rékoméndasi nya éta saperti ieu di handap.

1. Pikeun mahasiswa, bisa jadi réferénsi pikeun panalungtikan anu leuwih hadé ka hareupna. Ieu panalungtikan masih loba kakuranganana, ku kituna dipiharep aya aspék-aspék séjén anu bisa kapaluruh boh dina babandingan, struktural, ogé étnopédagogikna.
2. Pikeun paguron luhur tempat kuliah panulis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan réferénsi dina mata kuliah pilihan sastra bandingan di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, FPBS, UPI.
3. Pikeun pamaréntah atawa pihak penerbit buku tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan tinimbangan pikeun diayakeunana peneritan buku-buku karya sastra ti para penulis jaman Balai Pustaka, ogé buku-buku nu patalina jeung ulikan sastra bandingan dina basa Sunda.